



Dòmi Kou Ti Bète

Ti bebe dòmi plis an sekirite lè ke yo kouche sou do yo nan bëso yo.

- ✓ Mete bëso, kabann timoun nan, oswa ti bëso a tou pre paran an oswa moun k ap pran swen li an pou premye ane ti bebe a.
- ✓ Asire ou ke matla ti bebe a byen fèm, ke li plat (ke li pa enkline) e ke li chita byen sere nan kad bëso a, e sèlman sèvi ak matla ki vini avèk bëso a.
- ✓ Asire ou ke dra ti bebe a byen sere sou matla a.
- ✓ Ofri ti bebe ou a yon sison (pa janm ba li bibwon) lè ou ap mete li kouche pou li dòmi.
- ✓ Retire tout bagay ki ka sèvi antanke kòd oswa ki ka toufe ti bebe w la alantou li (tankou, kòd pou rido fenèt, alonj elektrik, ak rad).
- ✓ Reponn a kriye ti bebe ou pandan nwit la.
- ✓ Evite ekspoze ti bebe ou a a sigarèt, alkòl, oswa dwòg.
- ✓ Kenbe tanperati pyès kote ti bebe ou ap dòmi a konfòtab ase pou yon granmoun ki abiye lejè pou evite ke ti bebe a soufri anba chalè.

🚫 Pa Pran Chans!

Sa **PA** yon bon ide pou ou mete nenpòt bagay nan kabann ti bebe a, tankou lenn, jwèt, bagay ki pou kore ti bebe a, kouvreli, zòrye, lenn ki epè oswa bòdi pou bëso a.

Sa **PA** yon bon ide pou ou kite ti bebe ou dòmi nan yon kabann granmoun, yon matla gonflab, kousen sak, dodinn, sofa, matla dlo, oswa nenpòt lòt sifas ki mou.

Kouche sou vant oswa sou kote ogmante risk pou ti bebe a toufe.



PreventChildAbuseFL.org
Eskane pou plis enfòmasyon.



United
Healthcare
Community Plan

Prevent Child Abuse
Florida®



Jere ti
bebe k ap
kriye

Se nòmal pou ti bebe kriye – dèfwa pandan 3 èdtan ou pi plis tan pa jou. Dabitid, ti bebe kriye pi souvan nan aswè. Kriye a kapab kòmanse epi kanpe san rezon. Le fèt ke ti bebe ou ap kriye pa vle di sa ap fè li ditò. Kriye a ap ralanti apati de 3 ou 4 mwa kay pi fò timoun.

Bagay pou ou verifye:

- Èske ti bebe a grangou?
- Èske ti bebe a gen doulè?
- Èske ti bebe a bezwen chanje kouchèt?
- Èske ti bebe a bezwen yo kenbe li?
- Èske ti bebe a gen lafyèv?

Si pwoblèm nan pa youn nan bagay sa yo:

- Kalme ou – ti bebe ou a ap anfòm, gen ti bebe ki kriye menm lè yo jwenn sa yo bezwen an.
- Mande yon lòt moun siveye ti bebe ou a pandan yon moman si sa anbete ou twòp.
- Depoze ti bebe ou a yon kote ki an sekirite pou li, e ale nan chanm ki sou kote a. Pase tcheke ti bebe a chak 10 minit pou wè si pa gen anyen ou ka fè; sinon, konnen ti bebe ou a anfòm.
- Fè espò.
- Koute mizik.
- Rele yon zanmi, yon fanmi oswa 2-1-1.
- Rele Doktè ou si ou gen kesyon.

Pa dekoraje. Sa gen pou vin miyò!
Kriye a dire kèk èdtan alòske souke a ka gen konsekans sou tout lavi yo. Rete kalm, jwenn èd. Rele 2-1-1 pou plis enfòmasyon.



United
Healthcare
Community Plan